

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah dina meunangkeun data kalawan tujuan jeung kagunaan nu tangtu (Sugiyono, 2013, kc. 2). Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, sarta instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Bogdan jeung Taylor (1975, kc. 5) (dina Nugrahani, 2014, kc. 8) panalungtikan kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan nu mampuh ngahasilkeun daya déskriptif mangrupa caritaan, tulisan, sarta perilaku ti jalma-jalma anu ditalungtikna. Sugiyono (2013, kc. 9) ogé ngajéntrékeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu dadasarna mangrupa filsafat postpositivisme, digunakeun pikeun nalungtik kondisi obyék nu alamiah, panalungtik salaku instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis datana miboga sipat induktif/kualitatif, sarta hasil panalungtikan kualitatif leuwih teuleub kana ma'na tibatan generalisasi. Ku kituna, panalungtik ngalakukeun ieu panalungtikan sacara alamiah atawa naon nu aya dina objék lain hasil tina manipulasi. Sakumaha nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang ogé rumusan masalah, panalungtik tangtuna kudu ngadéskripsikeun data nu aya sangkan bisa leuwih jéntré ogé babari dipikapahamna minangka hasil tina ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtik nitén yén ieu pamarekan kualitatif nu ngagunakeun métode déskriptif téh luyu pikeun dipaké dina ieu panalungtikan ngeunaan frasa éksoséntris dina artikel siswa Kelas VIII F SMPN 2 Bandung Taun Ajaran 2021/2022, anu ngagunakeun ulikan struktur jeung semantik.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, ieu panalungtikan didésain saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data nyaéta hasil anu dikumpulkeun ku panalungtik ogé bahan nu bakal dianalisisna. Data dina ieu panalungtikan nyaéta frasa éksoséntrik nu aya dina artikel siswa. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta artikel siswa kelas VIII F SMPN 2 Bandung. Jumlah partisipan dina ieu panalungtikan aya 32 urang, anu ngawengku 18 siswa awéwé jeung 14 siswa lalaki.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data artikel siswa. Éta artikel bakal dijadikeun sumber data frasa éksoséntrik. Salian ti téhnik tés, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Dokuméntasi mangrupa hiji téhnik dina ngagunakeun data ku cara ngumpulkeun sarta nganalisis dokumén-dokumén, boh tinulis, gambar boh éléktronik. Dokumén nu dimaksud ku panalungtik nyaéta hasil artikel ti siswa kelas VIII F SMPN 2 Bandung. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- a. nangtukeun objék data anu mangrupa artikel siswa kelas VIII F SMPN 2 Bandung;
- b. méré tugas ka siswa sangkan nyusun hiji artikel ngaliwatan instrumén tés tulis;
- c. ngumpulkeun artikel nu ditulis ku siswa;
- d. méré nomer kode data artikel siswa;
- e. maca sakabéh artikel siswa;
- f. nyirian frasa éksoséntris dina artikel siswa; jeung
- g. nyalin frasa éksoséntris dina artikel siswa kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik dina nganalisis data nyaéta ngagunakeun lembaran soal tés jeung kartu data.

- a. Lembaran soal tés

Lembaran soal tés anu dipaké nya éta soal tés uraian nulis artikel. Ieu lembaran soal tés dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu mangrupa artikel. Ieu

artikel bakal dijadikeun baha analisis frasa éksoséntrik ku panalungtik. Format soal téсна saperti ieu di handap.

Gambar 3.1 Lembaran Soal Tés

Wasta	:
Kelas	:
No. Absen	:
<p>“Jieun hiji artikel sacara individu, dipigawé diimah! Téma artikelnana ngeunaan seni budaya Sunda! Jieun minimal 3 paragraf, titik!”</p> <p>..... </p>		

b. Kartu data digital

Instrumén panalungtikan nu kadua nya éta kartu data digital. Ieu kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun sarta ngolah data nu kapanggih dina artikel siswa nu mangrupa frasa éksoséntrik. Format kartu data pikeun data frasa éksoséntrik aya ieu di handap.

Gambar 3.2 Kartu Data Frasa Éksoséntrik

No data	:	
Kalimah (Kode data)	:	
Analisis frasa éksoséntrik		
1) Wanda frasa éksoséntrik	:	
2) Adegan frasa éksoséntrik	:	
3) Ma’na Gramatikal	:	

Keterangan:

Kode data : contona (A1/P2/K3)
A1 : Artikel kahiji
P2 : Paragraf kadua
K3 : Kalimah katilu

Wina Wulandari, 2022

FRASA ÉKSOSÉNTRIS DINA ARTIKEL SISWA KELAS VIII F SMP NEGERI 2 BANDUNG TAUN AJARAN 2021/2022 (Ulukan Struktur jeung Semantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kakumpul tuluy diolah ku panalungtik. Anapon ngolah data nu digunakeun ku panalungtik nya éta analisis struktur data sacara langsung. Hartina data anu aya dina artikel siswa dianalisis adegan frasana. Salian ti adeganna, data anu aya dianalisis unsur semantikna nyaéta ma'na gramatikal anu muncul tina éta frasa. Léngkah-léngkah anu digunakeun dina ngolah datana nyaéta:

- a. niténan deui data frasa éksoséntris nu dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data frasa éksoséntris dumasar kana wanda, adegan, jeung ma'na gramatikalna;
- c. nganalisis data frasa éksoséntris dumasar kana wanda, adegan, jeung ma'na gramatikalna;
- d. ngadéskripsikeun data frasa éksoséntris dumasar kana wanda, adegan, jeung ma'na gramatikalna;
- e. napsirkeun frasa éksoséntris dumasar kana wanda, adegan, jeung ma'na gramatikalna; sarta
- f. nyusun kacindekan.